Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ
Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..

Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет
Республиканская народная газета Северной Осетии

№46 (26019)

РÆСТДЗИНАД

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2024 азы 19 мартъи — тæргæйтты мæйы 19 бон, дыццæг

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 ТРАНСПОРТ
Бæлццæттæ ласыны уаг фæхуыздæрæн

3 ФЫССЫНЦ "РÆСТДЗИНАД"-МÆ
Тематикон фарс

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
Мас-рестлинг

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
t.me/gazetarastdzinad1923

Пресс-конференци

Æвзæрстыты кæронбæттæн хатдзæгтæ

Республикæйы æвзарæн къамисы ацыд хатдзæгон пресс-конференци дзыллон информацийы фæрæзтæн. Архайдтой дзы РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО, республикæйы Парламенты Сæрдар ТУСКЪАТЫ Таймураз æмæ фæсарæйнаг цæстдарджытæ.

Мадзал байгом кодта **Моргуаты Жаннæ**. Æвзæрстытæн хатдзæгтæ скæныны официалон æмгъуыд у 28 мартъимæ. Республикæйы æвзарæн къамисы информацимæ гæсгæ, кæронбæттæн хатдзæгтæ скæндзысты абон къамисы æмбырды. Рагагъоммæйы бæрæггæнæнтæ та сты ахæм:

– Ирыстоны схъæлæс кодтой æвзарджыты **91,80 проценты.**

Уыдонæй кандидаттæн сæ хъæлæстæ радтой:

– **Владимир Путинæн – 89,01 проценты** (450 мин адæймагæй фылдæр);

– **Николай Харитоновæн – 5,10 проценты;**

– **Леонид Слуцкийæн – 3,50 проценты;**

– **Владислав Даванковæн – 1,70 проценты.**

100 мин адæймаджы спайда кодтой хæдзары схъæлæс кæныны фадатæй.

– Уæрæсейы Президенты æвзæрстыты иумæйагæй архайдтой республикæйы Хицауады æмæ бынæттон хиуынаффæйады оргæнтæ, политикон партитæ, æвзарæн системæйы кусджытæ, барадхъахъхъæнæг оргæнтæ. Уыдон дзуапп лæвæрдтой æвзарæн хайæдты æдасдзинадыл, техникæйыл, къамисы уæнгтæ æмæ документтыл, стæй хæдзæрттæм æвзарджытæм цæуын куы хъуыд, уæд. Бæстæйы геополитикон уавæр хынцгæйæ, мах не 'рагамонæг.

РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг раарфæ кодта республикæйы æвзарæн къамисы кусджытæн, районты удуæлдайæ чи архайдта, уыдонæн, барадхъахъхъæнæг æмæ хицауадон оргæнтæн, æдасдзинадыл кæй бакуыстой, уый тыххæй.

– Æвзæрстыты бæрæггæнæнтæм гæсгæ, ноджыдæр иу хатт зæгъæн ис, Владимир Путиныл Уæрæсейы граждæнтæ кæй æууæндынц, уыимæ, агътам æнæзакъон цаутæ æвзарæн хайæдты, зынгсирвæзтытæ, эпидеми æмæ терроризмы фæзындтытæ, – загъта Моргуаты Жаннæ.

Фæстæдæр пресс-конференцимæ æрбацыдысты Сергей Меняйло æмæ Тускъаты Таймураз. Республикæйы Сæргълæууæг бузныг загъта фæсарæйнаг цæстдарджытæн, Уæрæсейы Президенты æвзарæн кампанийы кæй бакуыстой, уый тыххæй.

– Уæрæсейы Президенты æвзарæн кампани канд уæрæсейаг мадзал нæу, фæлæ ма йын ис дунеон стыр политикон ахадындзинад. Сымах уæхи цæстæй федтат, æвзæрстытæ Уæрæсейы закъоны бындурыл кæй ацыдысты, æмæ нæ республикæйы цæрджытæ барвæндонæй кæй загътой сæ фæндон, уый. Фыццаг бонæй дæр æмбæрстгонд уыд, адæмы кæй фæнды сæ конституцион бартæй спайда кæнын. Хъæуты æмæ горæтты дæр æвзарæн хайæдтæ уыдысты бæрæггæнæнтæм гæсгæ, ноджыдæр иу хатт зæгъæн ис, Владимир Путиныл Уæрæсейы граждæнтæ кæй æууæндынц, уыимæ, кодта республикæйы разамонæгæй.

РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг раарфæ кодта республикæйы æвзарæн къамисы кусджытæн, районты удуæлдайæ чи архайдта, уыдонæн, барадхъахъхъæнæг æмæ хицауадон оргæнтæн, æдасдзинадыл кæй бакуыстой, уый тыххæй.

– Æвзæрстыты бæрæггæнæнтæм гæсгæ, ноджыдæр иу хатт зæгъæн ис, Владимир Путиныл Уæрæсейы граждæнтæ кæй æууæндынц, уыимæ, нæ республикæйы æвзарджыты 90 процентæй фылдæр кæй радтой сæ хъæлæстæ ныры Президентæн. Уый ууыл дзуры, æмæ Владимир Путин у нæ бæстæйы национ фæтæг! – загъта Сергей Меняйло.

Æвзарæн кампани куыд ацыд, уый тыххæй сæ хъуыдытæ загътой фæсарæйнаг цæстдарджытæ дæр. Пакистайнаг 21-аздзыд **Хамат Хан** загъта, цалдæр бонмæ кæй федта æмæ базонгæ ис æвзарæн хайæдты куыстимæ Дзæуджыхъæуы, æндæр цæрæн бынæтты, фенын сын кодтой Ирыстоны æрдз дæр, тынг йæ зæрдæмæ фæцыдысты нæ хæхтæ. Бæрзонд аргъ кæны æвзарæн кампанийæн, федта, æвзæрстытæ демократийы домæнтæм гæсгæ кæй цыдысты, уый.

Цæстдарджыты иумæйаг хъуыдымæ гæсгæ, Ирыстоны æвзæрстытæ ацыдысты бæрзонд æмвæзадыл, алы хайад дæр уыд æмбæлгæ домæнтæм гæсгæ ифтонггонд техникон фæрæзтæй, разыйæ баззадысты, æвзæрстыты бирæ фæсивæд æмæ сылгоймæгтæ кæй архайдта, уымæй.

Кæронбæттæны Моргуаты Жаннæ загъта, дæрддзæф хъæлæс кæнынæн нæ республикæйы кæй ис æппæт фæрæзтæ æмæ уавæртæ, æмæ дзы иннæ æвзарæн кампаниты рæстæг активондæрæй пайдагонд кæй цæудзæн.

МАМИАТЫ Лолитæ

Фæндæгтæ

Горæты уынгтæ фæуæгъддæр уыдзысты

Дзæуджыхъæуы иувæрсты цы фæндаг цæудзæн, уый арæзт фæуыдзæн 2026 азы. Ныртæккæ объектыл æрвылбон кусынц 25 адæймаджы, сæрмагонд техникон фæрæзтæ – 7.

Дзæуджыхъæу Цæгат Кавказы федералон зылды иунæг горæт у, йæ иувæрсты фæндаг кæмæн нæй, ахæм. Æртæ азы размæ йæ райдыдтой аразын, ныридæгæн йæ 70 проценты цæттæ у. Йæ дæргъ у фынддæс километры, уыдзæн дзы, алкæмæн дæр йæ уæрх æртæ метры æмæ æрдæг кæмæн у, ахæм цыппар уадздзаджы. Ныртæккæ специалисттæ бавнæлдтой хидтыл ахизæнтæ банывыл кæнынмæ.

Ацы егъау проектæн уагъд æрцыд æртындæс миллиард сомы. Аразынц дзы, дыууæ æмвæзады кæмæн ис, ахæм æртæ транспортон райхæлды æмæ авд фæндаджы уадздзаджы, фæндагыл æвæрд æрцыд рухсытæ. Проект куы арæзтой, уæд стыр æргом аздæхтой экологийы фарстатæм, сыгъдæггæнæн амаддзæгтæ уыцы-иу рæстæг сæвæрдтой фæндаджы уадздзæгтыл аст раны. Æппæт чъизи дон дæр дыууæ хатты сыгъдæггонд цæудзæн, стæй-иу уæд æрдзон ландшафтыл дарддæр акæлдзæн, Черная речка кæй хонынц, уыцы цæугæдонмæ.

Фæндаджы арæзтад æртæ хайыл адих кодтой. Фыццаг дыууæйыл куыст сæрæнæй цæуы. Фæндаджы уæлцъар æмбæрзынц æртæ фæлтæры асфальтбетонæй. Катоктæ йыл аст хатты бацæуынц æмæ йæ нæмынц, фидар æй кæнынц. Æртыккаг транспортон райхæлды куыстытæм нырма нæма бавнæлдтой, уымæн æмæ проект ивд æрцыд, ныртæккæ йын Мæскуыйы экспертизæ кæнынц.



Ныридæгæн цы куыстытæ бакодтой, уыдон егъау æмæ ахадгæ сты. Ныртæккæ æппæт аразгæ амаддзæгтæ дæр сæ бынæттæ ссардтой, æмæ ныр арасджытæ бавнæлдтой æфсæнбетон куыстытæм. Дзæуджыхъæуы иувæрсты фæндагыл цæудзæн æппæт транзитон транспорт иннæ регионтæм, æмæ уый руаджы горæты уынгтæ фæуæгъддæр уыдзысты.

ГАПБАТЫ Алетæ

Хицауадæй

Фæрæзтæ – газ бауадзынæн

Уæрæсейы Хицауад уæлæмхасæн 1 миллиард сомы радих кæндзæн Цæгат Ирыстоны социалон æгъдауæй хæдзæрттыарæнтæм газ бауадзыны хъуыддагæн.

Программæйы архайджытæ субсидийы хуызы райсдзысты 100 мин сомы. Уымæй балхæндзысты хъæугæ ифтонггæрзтæ æмæ хæдзæрттæ газимæ баиу кæныны фæрæзтæ.

Уæрæсейы Президенты уынаффæйæ ахæм æххуысмæ сæ бон æнхъæлмæ кæсын у сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæн, сæ бинонтæн, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты ветерантæн, бирæсывæллонджын бинонтæн, ныллæг æфтиæгтимæ цæрджытæн.

Бæстæйы Хицауады Сæрдар **Михаил Мишустин** куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй лæвар газ бауадзыны тыххæй бадзырдтæ бафыстой милуаны бæрц. Нырмæ уал дзы фарастсæдæ мины æххæстгонд æрцыдысты. Программæйы руаджы газ фæзынд фондзсæдæ мин хицæн хæдзары.

Нæ уацхæссæг

Уæрæсейы Федерацийы Президенты æвзæрстытæ 15-17 мартъийы Цæгат Ирыстоны куыд конд æрцыдысты, дзыллæтæ сæ куыд бацархайдтой, уый тыххæй сæ хъуыдытæ рæгъмæ хæссынц:

МАЙРÆНСАУТЫ Зураб, Æхсæнадон палатæйы разамонæджы хæдивæг:

«Мæхæдæг разамынд лæвæрдтон Æхсæнадон цæстдарды центрæн, мах æй байгом кодтам цыппæрæмы. Мæ бон афтæ зæгъын у, æмæ тынг лæмбынæг нæ цæст дардтам æвзæрстытæм, æппæт фæзилæнтæ дæр нымад цыдысты. Мæнæ исты бархæлд, закъонадон фыдракæнд исчи бакæна, уый нæ бафиппайдтам. Æрмæстдæр Мæздæджы иунæг цау æрцыд, фæлæ уый дæр иумæйагæй æвзæрстытыл нæ фæзынд. Æрыгон сылгоймаг йод ныппырх кæнын сфæнд кодта бюллетентыл, фæлæ уыйас хъыгдард нæ баййæфтой. Бюллетены алцы дæр бакæсæн уыд.

Уæрæсейы Федерацийы Президенты æвзæрстытæ Цæгат Ирыстоны ацыдысты æнæкъуылымпытæй, адæм сæ тынг бацархайдтой. Мах-иу абалц кодтам æвзарæн хæйæдтæм, алцыдæр уыдтам, сфæлдыстадон коллективтæ æвзарæн хайæдты сæ курдиæттæ æвдыстой. Тынг зæрдæмæдзæугæ уыд уый, адæмы разæнгард кодтой. Уæдæ æвзæрстыты æмвæзад дæр дзæбæх уыд, алцыдæр нымад æрцыд, иунæг тыхстдзинад дæр нæ бавзæрстой. Иу ныхасæй, нæ республикæ зæрдæбынæй схъæлæс кодта Уæрæсейы Федерацийы Президенты æвзæрстыты».

САЛАМАТЫ Таймураз, ахуырад æмæ наукæйы къабазы Уæрæсейы Президенты премийы лауреат:

«Мæ бон зæгъын у, нæ куыст, нæ архайд рауад ænæ фиппаинагæй, ахæм æвзæрстытæ нырмæ нæма федтон. Кæддæриддæр дзы рауайы быцæу ныхас, цавæрдæр ænæфенд хъуыддæгтæ, адæм кæрæдзи ныхмæ фæвæййынц. Фæлæ ацы хатт, раст цыма бæрæгбон уыд, ахæм ахаст æвдыстой кæрæдзимæ дæр. Алчидæр куысты уæлхъус ærлæууыд, кæрæдзи хорз чи æмбары, ахæм командæ уыдыстæм. Уый хауы, æвзæрстытæн дзуапп чидæриддæр лæвæрдта, уыдонмæ. Нæ бæстæйы фидæныл хъуыды кæнгæйæ, схæлæс кодтам æмхуызонæй. Равзæрстам бæстæйы Президенты».

Дзырды фарн

У алчидæр
йæ амондæн йæ куырд.

КОЧЫСАТЫ Мухарбег

Боныхъæд

Республикæйы гидрометцентр куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **19 мартъийы**, ранæй-рæтты уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы – **1 – 10 градусы хъарм**, Дзæуджыхъæуы – **2 – 7 градусы хъарм.**

Боны дæргъ — 12,08

Хурыскаст — 06,04
Хурныгуылд — 18,12

Валютæйы аргъ

Доллар — 91,98
Евро — 100,23

12 +

Бæрæгбон

Æвзæрстытæ æмæ «Хъырымаг уалдзæг»

Нæ бæстæйы Президенты æвзæрстыты æртыккаг бон Дзæуджыхъæуы 26-æм астæуккаг скъолайы фæзы скодтой, Хъырым Уæрæсейы скондмæ фæстæмæ æрбаиуы историон цауы 10 азы бæрæгбон æмæ цæрвкъахæнты къуыри афæндараст кæныны мадзæлттæ.

Дзæуджыхъæуы администрацийы культурæйы управленийы хицау **Мæрзойты Руслан** куыд радзырдта, афтæмæй бæрæгбоны мадзæлттæ арæзт цыдысты сахары æппæт æвзарæн хæйтты дæр.

– Цæрвкъахæнты къуыри æрвитæм æмæ цин кæнæм «Хъырымаг уалдзæг»-ыл. Дæс азы размæ нæ бæстæйы æрцыд стыр цау: Хъырым æрбаздæхт «нæхимæ». Уыцы историон боны кадæн цæрвкъахæнты бæрæгбон бабастам хъырымаг æгъдæуттимæ, æмæ базарадон-экономикон техникумы студенттæ æрцæттæ кодтой Хъырымы традицион дзидзаджын гуылтæ зетийы сойы фыхæй, хæнкъæл æмæ цай. Кæй зæгъын æй хъæуы, сæйрагдæр нæ бæрæгбоны уырыссаг лауызтæ, царв æмæ мыд сты. Нæ мадзалы архайджытæ æмæ æвзарæн хайады хъæлæсгæнджытæн фадат уыдзæн нæ хойрагæй саходынæн, сывæллæтты аивадмæ бакæсынæн, – загъта Мæрзойы-фырт.

Сахары уæлæмхасæн ахуырады хъомылгæнинæгтæ сæ аивад æвдыстой фæндырдзагъд, зарджытæ æмæ кафтæй.

Нæ уацхæссæг

Хъæууон хæдзарад

Хæрзмыггаг картоф – фагæй фылдæр

Мартъийы Уæрæсейы банк «Регионалон экономикæ» цы раныхас скодта, уым загъд ис, Уæрæсейы Хуссары субъектты селекцион центртæ сæрæнæй кæй архайынц, раздæр фæсарæнтæй кæй æлхæдтой, уыцы хæрзмыггаг картоф хи мыггагæй баивынæл.

Цæгат Ирыстоны куыстуæттæ дæр картофы иттæг хорз мыггаджы кондад фæфылдæр кодтой. Зæгъæм, ам афæдзæй фылдæр кусы хæрзмыггаг картоф уадзыны Европæйы стырдæр центр. Комплекс арæзт у æнæххæст барджын организаци «Фат-Агро»-йы бындурыл. Фарон дзы уагъд æрцыд 449 тоннæйы, «элитæ» кæй хонынц, ахæм категорийы мыггаг. Ацы аз куыстуат снысан кодта æхсæз мин тоннæйы райсын, 2027 азмæ та – 40 мин тоннæйы. Уый та ратдзæн фадат, Уæрæсейы базарады цы хæрзмыггаг картоф хъæуы, уымæн йæ фæндзæймаг хай сæхгæнынæн. Уымæй уæлдай ма ам æрзайын кæнынц 5 милуан мини-губаты æмæ иу милуан – микрозайæгойтæ.

Куыстуатæн йæ бон у хъæугæ æрмæг æрмæст Уæрæсейы фаг уадзын нæ, фæлæ ма нæ дыууæ-æртæ хæлар паддзахадæн дæр раттын. Лыггонд æрцыд мыггаг ныссадзынæн фæзуæттæ нæ фаг кæныны фарста дæр – æмгуыстад сарæзта нæ бæстæйы Цæгаты 12 регионы фермерон хæдзарæдтимæ, æмæ ныр кампанийы æмбæлттæ зайын кæнынц «элитæ».

ГАПБАТЫ Алетæ

Ахуырад

Сывæллоны курдиат раргом кæныныл архайынц

Æвæджиауы лабораторитæ æмæ иттæг ног ифтонггæрзтæ кæм ис, Беслæны кусы уæлæмхасæн ахуырады ахæм центр «Альтаир».

Чысыл Георги хъæддæрмæгæй ахæм дзаума аразы фыццаг хатт. Ахуыргæнæг **Икъаты Валери** лæппуйæн дæсны разамынд дæтты. Ахуырдзаутæ раздæр кæй бацæттæ кæнынц, уыцы алыхуызон хæйттæй фæстæдæр дзаума æрæмбырд кæнынц. Дзаума саразыны агъоммæ фæсивæд бинонты теоретикон ахуырад ацæуынц.

Рæзгæ фæлтæр зонындзинæдтæ кæм райсынц, ахъаззаджы кусæнгæрзтæй ифтонггонд уæлæмхасæн ахуырады уыцы центр «Альтаир»-мæ сывæллæтты æрбаласынц Дзæуджыхъæуæй дæр.

Картодром у æвзонг техникты уарзондæр бынæттæй иу. Райсомæй раджы сывæллæттæ картодромы фæзы æрæмбырд вæййынц. Транспортон фæрæз скъæрын куыд æмбæлы, райдианы ахуырдзаутæн уый теоретикон уагæй бамбарын кæнынц, фæстæдæр та æнахъомтæн фæлтæрдджын ахуыргæнджыты цæстдардимæ хæдтулгæ скъæрыны хъуыддаг бабар кæнынц. Дугъ кæнынæй æппæтуæрæсеон ерысты чи фæархайы, уæлæмхасæн ахуырады центры ис хи ахæм командæ «Барс» дæр. Ахуырдзаутæй иу чызг спорты мастертæм кандидат дæр ссис. 60 бæхы тыхы кæм ис, хистæр къорды уæнгтæ ахæм хæдтулгæ дæр скъæрынц, райдиан къорды ахуырдзаутæ та сæйраг æргом здахынц теоретикон зонындзинæдтæм.

Хъуымацæй алыхуызон дзаумæттæ чи хуыйы æмæ аразы, куыстадон къорды уыцы уæнгтæ архайынц национ хæдхуыздзинад бахъахъхъæнынил. Канд ахуыргæнджыты нæ, фæлæ курдиатджын лæппутæ æмæ чызджыты конд дзаумæттæ дæр фенæн кæм ис, «Альтаир»-ы байгом кодтой ахæм чысыл музей. **Ægайты Светланæ** фæсивæды ахуыр кæны национ уæлæдарæс хуыйынил. Сабидуджы заман Светланæ хъазын кæмæй уарзта, рахъомылуæвæг сылгоймаг ныр йæхæдæг ахæм куклатæ дæсны уагæй аразы.

Карбонон туагад æмæ химион тæнгъæдты тæф банкъарæн кæм ис, ахæм бæстыхайы та æрбынæттон сты микроскоптæй, зæлдæтджытæ, стæй атмосферон æлхъывдад æмæ температурæбарæнтæй ифтонггонд нымæцон лабораторитæ. Хæдбарæй куыст баххæст кæныны фадат кæм ис, ацы бæстыхайы ис ахæм виртуалон æцæгдзинады кæсæнцæстытæ дæр. Онлайн уагæй цæст кæмæн дарынц, стæй зайæгойтæ донæй хæдбарæй кæм пырх кæнынц æмæ сæ цырæгъты фæрцы хæдбарæй кæм рухс кæнынц, аграрон къæсты фæзынд ахæм нырыккон хъæрмуат. Сывæллæттæ се 'ргом ацы объектмæ аздæхтой.

Уæлæмхасæн ахуырады центры кусынц физиконхимион къæстæ, хъæддæрмæгæй æмæ æлыгæй дзаумæттæ аразæн, уæлæдарæс хуыйæн, транспортон фæрæзтæй дугъгæнæн æмæ æндæр хайæдтæ (æдæппæт – 20 хайадæй фылдæр). Центры кусæг ахуыргæнджытæ алы сывæллоны курдиат æмæ нæзынгæ гæнæнтæ раргом кæныныл архайынц.

Фиппаинаг: «Альтаир» у Хуры системæмæ æппæтæй хæстæгдæр стъалытæй иу.

ÆГАЙТЫ Аленæ

Транспорт

Бæлццæттæ ласыны уаг фæхуыздæрæн

Дзæуджыхъæуы бæлццæтты æхсæнадон транспорты ласыны иуæй-иу маршруттæ, стæй, цæмæй автобустæ трамвайты маршруттæ ма фæлхат кæной, уый тыххæй сæм хаст æрцыд ивддзинæдтæ:

– ныртæккæйы 24 муниципалон маршрутты рæдыдтытæ сраст кæнын;

– баивын автобусты 14 муниципалон маршруты.

«Маршрутты аивд баст вæййы, æххæст пайдагонд сæ кæй нæ цæуы кæнæ сахары бæлвырд хæйттыл æндæр маршруттимæ фæлхатгонд кæй æрцæуынц, уый аххосæй», – нысан кæны Дзæуджыхъæуы бынæттон хиуынаффæйады администрацийы пресс-службæ.

Дзæуджыхъæуы фæндæгтæн цы 39 муниципалон маршруты арæзт æрцыд, уыдонæй 31 сты автобустæн, 8 та – трамвайтæн (уыдонæй 2 фæкусынц азы афонмæ гæсгæ).

Цыбыр æмгъуыд рæстæгмæ ивддзинæдтæ хæсгæйæ, хыгъд æрцыдысты сахары Цæгат-Ныгуылæн æмæ Ирыстойнаг районты, стæй тематикон парк «Алани-Парк»-æн лæггæдтæ. Маршруттæ фæхуыздæр кæныны цыбыр æмгъуыд рæстæгмæйы ивддзинæдтæм хауынц:

– Дзæуджыхъæуы 27-æм автобусы муниципалон маршруты лæггæдты фæндаг баивын;

– Дзæуджыхъæуы автобустæ ног муниципалон маршруттыл ауадзын.

Арæзт цы маршрутон хыз æрцыд, уымæ хауынц Дзæуджыхъæуы 42 муниципалон маршруты, уыдонимæ – 34 автобусы, 8 та – трамвайты маршруттæ (уыдонæй 2 фæкусынц азы афонмæ гæсгæ).

«Маршруттæ фæхуыздæр кæныны цыбыр æмгъуыд рæстæгмæйы ивддзинæдтæ нысан кæнынц, фылдæр бæлццæтты бынæттæ кæм ис, ахæм дыккаг къласы транспортон фæрæзтæ фæфылдæр кæнын, æмæ уыдонмæ гæсгæ, бæлццæтты бынæттæ къаддæр кæм ис, ахæм транспортон фæрæзтæ фæкъаддæр кæнын. Уымæй уæлдай, ивд æрцæуудзæн æхсæнадон транспорты фæтк æмæ, се 'хсæн цы рæстæджы уаццаг ис, уый ахæм хуызы сæвæрын, цæмæй бæлццæттæн лæггæдты уавæртæ фæхуыздæр уой», – бацамыдта Дзæуджыхъæуы бынæттон хиуынаффæйады администрацийы пресс-службæ

РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты комитеты пресс-службæ

Ахсджиаг хъуыддаг

Фыдыбæстæ хъахъхъæнджытæн – паддзахадон æххуыс

Ивгъуыд аз апрелы æртыккаг бон Уæрæсейы Федерацийы Президент Владимир ПУТИНЫ Указмæ гæсгæ арæзт æрцыд сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæн æххуысы паддзахадон фонд «Фыдыбæстæ хъахъхъæнджытæ». Йæ дæлхайæдты июны мæй кусын райдыдтой Уæрæсейы Федерацийы 89 регионы, уыдонимæ – Цæгат Ирыстоны, Дзæуджыхъæуы дæр. Æрбынат кодта Дзанайы-фырты уынджы 69-æм хæдзары.

Афæдз дæр æххæстæй цы паддзахадон æххуысы организаци нæма кусы, уымæн цы сты йæ сæйраг хæстæ æмæ нысантæ? Куыд сæ æххæст кæнынц, цы сын бантыст æмæ дарддæр куыд кусдзысты, сæ архайд куыд аразынц, цæмæй æххуыс кæндзысты æмæ кæнынц сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæн æмæ сæ бинонтæн? Уыдæттæ бæлвырддæр базоныны фæдыл фембæлдыстæм паддзахадон æххуысы фонд «Фыдыбæстæ хъахъхъæнджытæ»-йы Цæгат Ирыстоны филиалы разамонæг **Хетæгкаты Маринæимæ.**

Уый нын куыд радзырдта, афтæмæй сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæ æмæ сæ бинонтæн æххуысы нысантæ сты алывæрсыг. Арæзт сты уымæ, кæнынц, фæстæдæр нæм æрбацу, зæгъæ. Æмæ та сæ бабæрæг кæны, кæдмæ йын фæзæгъынц, уыцы бон. Уый базоны бинонты цардыуавæртæ, сæ тыхстытæ, сæ лыггæнинаг фарстатæ. Æмæ дарддæр, иудадзыгдæр сæ фарсмæ уæвгæйæ, фæархайы сæ лыггæнинаг фарстатæ райхалынил. Фондмæ сæйрагдæр æрбацæуынц фиддонты фæдыл. Вæййы афтæ, æмæ лæг æмæ усы 'хсæн къайад фидаргонд нæ вæййы. Уыцы хъуыддаг æвзæрын кæны зындзинæдтæ, тыхстытæ. Ахæм уавæры сын лæвар барадон æххуыс бакæнынц юристтæ. Йе 'нæниздзинад хъыгдард кæмæн æрцæуы, уыдонæй алкæмæдæр ис æххуысы сертификаттæ æмæ сын зынаргъдæр, хуыздæр протезтæ аразынæн æхца куы нæ фæфаг кæны, уæддæр 1-аг къорды æнæкуыстхъом **Валерий Васильевæн.**

Фонды æххуысæй нæмгуыты схъистæй фервæзт **Бестауты Сæрмæт**, æмæ йын йæ зæвæтæн операци скодтой Куыдзаты Хъазбеджы центры, ам ма операци скодтой æфсæддон **Виктор Пестуновæн** дæр.

Сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæ, æмæ дзы чи фæмард, уыдоны бинонтæн, алывæрсыг æххуысæй уæлдай, фонд кæны медицинон æххуыстæ дæр.

Фонды архайджытæй рох не сты, æфсæддон операцийы чи фæмард, уыдоны бинонтæ дæр. **Рамзан Салимовы** фыд **Азамжон** æрвыст æрцыд реабилитаци кæнынмæ геронтологикон центрмæ, **Заурбек Бабатовы** мад **Ираузат Уматхановайæн** Беслæны медицинон центры баивтой йæ къахы æрхæг.

Æфсæддон операцийы мобилизацийы уавæры чи архайдта, уыдонæй иу, **Текъойты Станислав,** сахъат баййæфта йæ астæуы стæгæй. Мызуйраг лæппуйы фондмæ æрбарвыста Алагиры районы координатор, сæрмагонд æфсæддон операцийы архайæг, хæсты ветеран **Магкæты Олег**. Станиславы куы бафарстон фонды архайджыты зæрдæйы ахастæй, уæд мын радзырдта, Алагиры æмæ йыл Дзæуджыхъæуы дæр фонды кусджытæ куыд фæлмæн, аудгæ зæрдæйы уагæй æмбæлдысты, уый тыххæй.

– Адæймагæй йæ низтæ дæр æрбайрох вæййынц сæ фæлмæн ныхас æмæ сæ аудынæй, – загъта Станислав.

цæмæй, сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæй сæ хæдзæрттæм чи сыздæха, уыдон цæмæйдæриддæр тыхсынц, уыцы хъуыддæгтæ аразынæн сын цæуа паддзахадон æххуыс. Бæлвырддæр та ам райсынц медицинон æмæ рæстæгмæ базилыны, лæвар юридикон æххуыстæ, документтæ сног кæныны æмæ саразыны хъуыддаджы, социалон æххуысы, сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæй чи фæмард, уыдоны рухс нæмттæ сæнусон кæныны хъуыддаджы, спорты, паралимпион змæлды, культурон-фæлладуадзæн архайды.

Кæд афæдз дæр æххæстæй нæма кусынц, уæддæр сын бантыст 2500 адæймагæй фылдæрæн баххуыс кæнын.

Паддзахадон фондæн республикæйы алы районы дæр ис социалон координатортæ. Уыдон иудадзыг бастдзинад дарынц, сæрмагонд операцийы йæ æнæниздзинад хъыгдард кæмæн баййæфта, уыдонимæ, кæнынц сын паддзахадон æххуыс сæхицæн дæр æмæ сæ бинонтæн дæр.

Сæрмагонд æфсæддон операцийы чи фæмард вæййы, уый бинонтæм, æнæмæнг, бацæуы районы социалон координатор. Вæййы афтæ, æмæ бинонты сæ тыхстæй уымæ нæ февдæлы. Уæд ын бамбарын сын фонды хардзæй баххуыс кæнынц. Зæгъæм, сæрмагонд æфсæддон операцийы архайæг **Токаты Артур** æрбацыд фондмæ, цæмæй йын баххуыс кæной, йæ бон кусын кæм бауыдзæн, ахæм дæсныйад райсынæн. Медицинон фарстаты координатор бафиппайдта, лæппу къуылых кæй цæуы. Æркасти йæм, федта йын йæ къахы протез. Æмæ йын загъта, ныртæккæ кæй фæзынд ногдæр, хуыздæр протезтæ æмæ йæ сæ бон кæй у Мæскуымæ арвитын, цæмæй йын ног протез саразой. Артур нын йæхæдæг куыд радзырдта, уымæ гæсгæ йын ссардтой бынат, бафыстой йын фæндаггаг, лæвар ын сарæзтой ахæм протез, æмæ цæугæ-цæуын бæрæг дæр нæ дары, протез ыл ис, уый. Фонды баныхас кодтой æмæ, куы сыздæха, уæд цыбыр ахуырты рæстæджы фæстæ райсдзæн хъахъхъæнæджы æвдисæндар, æмæ йын куыст дæр бацагурдзысты.

Артур бирæ арфæйы ныхæстæ загъта фонды æппæт кусджыты, уæлдайдæр та йæ координатор **Хуыгаты Полинæйы** тыххæй.

Къахы протез сæвæрыны тыххæй ма Мæскуымæ арвыстой 1-аг къорды æнæкуыстхъом **Адам Хадзиевы**, йæ фæстæ та ацæудзæн 1-аг къорды иннæ уæнгхъуаг **Цхуырбаты Зауырбег**, инвалиды коляскæ балхæдтой

Цы координатормæ фидаргонд æрцыд, уый, **Цыбырты Лянæ**, куыд бамбарын кодта, афтæмæй йын пенси снысан кæныны тыххæй цыдæриддæр гæххæттæ хъæуы, уыдон кæй бацæттæ кæндзысты, рады лæууын æй кæй никуы бахъæудзæн, æнæ ракæ-бакæйæ, æнæ уæлдай тыхстæй йæ хъуыддæгтæ арæзт кæй æрцæудзысты. Тыхст æмæ хæстæфхæрд адæмыл зæрдиагæй чи ауды, уæлдай тыхст сæ чи нæ уадзы, фонды уыцы кусджытæ сæрмагонд цæттæдзинад кæй райстой, уый зыны сæ алкæй сныхас, сæ алы фезмæлдæй дæр.

Хетæгкаты Маринæ куыд зæгъы, афтæмæй сæ сæйраг архайд райдайдзæн, сæрмагонд æфсæддон операци куы фæуа, æмæ йæ архайджытæ сабыр цардмæ куы раздæхой, уæд.

КАСАТЫ Батрадз

Фыссынц "Рæстдзинад"-мæ

Алцыдæр – бæрцæй

Кæддæр, советон заман, иу журналы куыд кастæн, афтæмæй тарнизы рынчындоны сæйæг адæмы ахуыр кодтой мыдыбындзытæ дарыныл. Рынчындоны уыд мыдыбындзытæ дæр. Ома, рынчындоны стыр æргом здæхтой тарнизы фæстиуджытæм. Мæ цæстæй акæсгæйæ, хъуамæ низæй хи сдзæбæх кæнгæйæ, адæймаг равзара мыдыбындзытæ дарыны куыст.

Йæ бон у фатер кæнæ хæдзарæй æрдзмæ ацæуын æмæ бындзытæ дарын. Сыгъдæг уæлдæф, æрдз, сабыр уавæр, бинонтæй хицæн уæвын æмæ сæ низæй бахизыны хъуыддæгтæ банымайæн ис. Мыдыбындзытæ даргæйæ, æмбырд кæнæн ис мыд, æндæр продукттæ, хи сæ фæдарæн.

Санэпидстанцæйы кусгæйæ, хорз хъуыды кæнын, уæд нæм уыдис сæрмагонд дохтыр. Уый æппынæдзух йæ цæст дардта тарнизы рынчынтæм, суанг сын хицæн фатертæ дæттыны хъуыддагмæ фæфæнды бирæ цæрын, фæлæ уым сæйрагдæр сты йæ рагфыдæлты гентæ, туг, йæ уды сконд, йæ зондахаст, хойраджы продукттæ, афойнадыл бафынæй кæныны, фæллой кæныны, æрдзон фæзындтытæ æмæ æндæр ахсджиаг фæзилæнтæ. Кæм адæймаг мæсты свæййы, кæм йæ зæрдæ барухс вæййы, кæм æй æндæр цыдæртæ фæхъыгдары. Мæнмæ гæсгæ, суанг хорз сыхагæй дæр хъæуы иуцасдæр баулæфын. Ома, алцыдæр хъуамæ нымад цæуа.

дæр къæрцхъус уыд. Ныр цыма фарста рынчыны бар баззад, афтæ мæм кæсы. Кæддæр-никæд, тарнизæй рынчынтæн дæр фатер радих кæнынц.

Алы адæймаджы дæр уымæй хæр æмæ æнæниз уай. Хæринагæн йæ бирæ ницы дæтты, йæ хæрзхъæддзинады ис йæ апп. Дохтыртæ арæх фæамонынц диетæтæ, адæймаг куы фæрынчын вæййы, уæд æй бахъæуы диетæ дæр.

Афойнадыл, ома, раджы бафынæй кæн æмæ раджы сыст, уæд дæ хъуыддæгтæм дæр уæндонæй, зæрдæрайгæйæ бавналдзынæ. Хæрыны кой куы кæнæм, уæд ма æрхъуыды кæнæм: нас, цæхджын къабуска, уагъылы, мæнæргъы, дыргътæ, дзидза дыууæ хатты къуырийы дæргъы. Уыдон пайда хæссынц адæймагæн, æнæ хойрагæй адæймаджы удæгас буар лæмæгъ кæны, къабæзтæм энерги нал фефты.

Раздæр-иу кæцыфæнды промышленнон куыстуаты дæр уыд диетолог, уый-иу тæссаг цехты кусджытæн арæзта дзæбæхгæнæн хойраджы меню. Уæдæ тæхджытæн дæр уыд сæрмагонд хойраг, уæртæ ма «Победит»-ы заводы бацæуæны сауыгътой «Уæ бон какаойæ райдайут» ахæм плакат, зæгъгæ.

Мах Ирыстоны цыма дзæнæты цæрæм, раст уый хуызæн стæм. Нæ æрдз – тынг дзæбæх, нæ уæлдæф – сыгъдæг, нæ дон – æвæджиауы хæрзад. Æрмæстдæр уарзын хъæуы æрдз, йæ цъæхфæлыст æмæ фæллой кæнынмæ бавнал. Ахæм сты мæ хъуыдытæ.

БЕДОЙТЫ Зелимхан,
раздæры санитарон
дохтыр,
пенсиисæг

Нæ ивгъуыд æмæ нæ абон

Мæ зæрдыл арæх æрлæууы, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты фæстæ адæм куыд мæгуыр æмæ гæвзыккæй цардысты, уый. Хистæртæ уыдæттæ хорз хъуыды кæнынц, фæлæ сæ кæстæртæн дзурын. Диссаг та уый уыд, æмæ Кæрдзыны хъæуы фæсивæд, зындзинæдтæ ницæмæ даргæйæ, быдыртæй, фыдæбон кæнынæй сыздæхгæйæ, изæрыгæтты сыхбæсты хъаэтизæртæ арæзтой.

Къæрццæмдзæгъд, кафт, зард – уыдæттæй хъæздыг уыд алы хъаэт дæр. Уыцы ран ноэтæн йæ кой дæр нæ уыд. Арф ахъуыды кæн, уæд уыцы хъаэтизæртæн стыр хъомыладон ахадындзинад уыд. Фæсивæд кæрæдзиимæ æмбæлдысты, кæрæдзийы зыдтой, кафын чи нæ зыдта, уый ахуыр кодтой, уæдæ æгъдау дæр кæстæртæн амыдтой. Хъæлдзæгдзинады ныхмæ мæгуырдзинады бон ницы уыд. Адæмы сфæлдыстад нæ фæцудыдта, хъæздыгæй-хъæздыгдæр кодта. Симд–иу дæрдты куы ныззылд, уæд-иу хъаэты радгæс Хосонты Хадзымуссæ йæ цæст дардта симды фæзмæ. Сабиты дæр уым ахуыр кодтой симын.

Сыхæй-сыхмæ, хъæуæй-хъæумæ фæсивæд арæх цыдысты цины бæрæгбæттæм, чызгæрвыстытæм, чындзхастмæ. Сæ нысан уыд рæсугъд акафын, азарын, æгъдау радтын. Афтæиу арæх рауад, æмæ-иу сæ амæндтæ дæр ссардтой ахæм балцыты рæстæг. Нæ сæм уыд раззагдæр бынаты хæрд-ноэт. Æрыгæтты аив, уæздан кафт ныр дæр ма мæ цæстытыл уайы. Сæ кафын кодта Сæлбиты Батырбеджы, чызджытæй рахуыдта Кцойты Милинкæйы, куыд уæздан кафт кодтой «Хонгæ», куыд рæсугъд, куыд аив! Царды дæр ахæм уыдысты уæды кæстæртæ. Чындзхасты, чызгæрвысты нæ фæсивæд æвдыстой стыр æгъдау, сæ хъæлдзæгдзинад дæр кæуылты уыд! Чындзæмбал дæр цыдысты рæсугъд æгъдау равдисыны охыл.

Цы фæсивæды кой ракодтон, уыдонæй æгас ничиуал у, фæлæ сæ фарн æмæ æгъдау ныууагътой уæлæуыл. Мæхицæн хæсыл банымадтон сæ нæмттæ сын æрымысын, цы фæткыл хæст уыдысты, уыдæттæ рæгъмæ рахæссын. Ныры кæстæртæ кæй фæзмой, уый сын ис, æнæ ивгъуыдæй абон дæр нæй. Хистæртæ ныры фæсивæдæй куыд фæзæгъынц, афтæмæй се 'ргом ирон æгъдау, ирон фарнмæ не здахынц. Разы дæн уыцы хатдзæгимæ, фæлæ уыйас аххосджын не сты, сæ хъомылад баст у интернетимæ, телевизоримæ.

Цалдæр фиппаинаджы æрхæсдзынæн. Нæхи национ телеуынынады райсомæй æрыгон чызг-амонæг рабады, йæ иу къах иннæуыл баппары æмæ ахæм хуызы ныхас кæны. Уымæй ма уæ худинагдæр хъæуы? Сылгоймаг уæвгæйæ, уый цавæр бадт у? Уал хæдзармæ бахизы телеамонæг æмæ йæхи æнæуагæй æвдисы. Зæрдæ чи агайы, ахæм митæ æвдисынц æрыгæттæ, фæноэтджын вæййынц æмæ ахæм хуызы цæуынц сывæллæтты цурмæ. Уый фыдракæнд у, саби йæ райсдзæн йæ зæрдæмæ. Сывæллоны æхцайы руаджы рæвдауын нæ хъæуы, уымæй йæ халгæ кæны йæ фæлмæнзæрдæ ныййарæг.

Фæстаг азты дæргъы алы бинонтæ дæр сæ сывæллæтты алы райгуырæн бонтæ бæрæг кæнынц. Кæуылты аххæссынц, Кæнтæй Кæсæгмæ æрхонынц, фæлæ æгæр цæхджын дойны кæны, ис ахæм æмбисонд. Нæ рагон хабæрттæ уымæн æрхастон, фæзминаг фæсивæды кой уымæн ракодтон, æмæ ныры кæстæртæм дæр адæймаг уымæ æнхъæлмæ кæсы. Кæрæдзиуыл æнувыл уæвын, кæрæдзийы уарзын, аргъ кæнын. Афтæмæй нæ царды æрбынæттон уыдзæн хæлардзинад. Ирон царды уæлдай ницы ис. Алцыдæр барст у.

БОГАЗТЫ Арсæмæг,
Кæрдзыны хъæуы
хистæр

Сыгъдæгдзинадыл тох кæнæм...

Нæ уарзон Дзæуджыхъæуы сыгъдæгдзинадыл бирæ дзырд цæуы. Регионалон оператор бырон æмбырд кæны бон къорд хатты æмæ йæ бырондонмæ ласы. Йæ куысты хъæдмæ, дам, ын фау æрхæссæн нæй. Уый фæдыл мæнмæ сæвзæрд къорд фиппаинаджы.

Мах цæрæм Ирон аргъуаны раз, ардæм бирæ туристтæ æрбацæуы, æрмæст Ирыстонæй нæ, фæлæ нæ бæстæйы алы къуымтæй, æмæ æдзæллагдзинæдтæ фенынц йæ фалдзус. Зæгъæм, бырон ласынмæ куы 'рбацæуы «Эрæ»-йы уæззау машинæ, уæд контейнер сисы æмæ йæ гуыффæмæ рауæрæд кæны. Уыимæ,

зæхмæ æркæлы быроны иу хай, стæй ма йын йæ разы дæр чидæртæ æрæвæрынц сæ пакеттæ, уымæн æмæ дзаг вæййынц, нал дзы фæцæуынц. Машинæмæ æрмæстдæр контейнер суæгъд кæнынц, чи дзы æркæлы, зæххыл æвæрд чи вæййы, уыдæттæ та сæ бынæтты баззайынц. Къорд хатты сæм бахатыдтæн, зæгъын, цæуылнæ бакалут адæттæ уæ гуыффæмæ, æмæ мын дзуапп радтынц, уый, дам, мах хæс нæу, ацы «смет», дам, хъуамæ æндæр куыстуат æфснайа. Уыдæттæ та дзæгъæл куыйтæн – хæринаг, æмæ сæ ныффалгæрон кæнынц. Афтæмæй та сыгъдæгдзинадыл тох кæнæм, йæ ласыны тыххæй афойнадыл æхца фидæм.

Рауайы афтæ, æмæ йæхимæ уæзласæн машинæ кæмæн ис, уый йæ арæзтадон æмæ æндæр бырон баласы бырондонмæ, фæлæ йæ мидæмæ ницыхуызы бауадздзысты, ардæм ласыны бар ис æрмæстдæр регионалон операторы машинæтæн. Æмæ уый аххосæй, йæ цæсгом кæмæн куыд хъæцы, афтæ сæ бырон акалынц, уæгъд бынат кæм ссарынц, уым. Кæй зæгъын æй хъæуы, уый сыгъдæгдзинадæн ницы ахъаз у. Æрæджы мын, йæ куыстуат горæты кæрон кæмæн ис, ахæм разамонæг дзырдта, æхсæвыгæтты, дам, сæ бырон ардæм ласынц, уыдонимæ – бæлæсты къалиутæ пыхсытæ, æмæ, дам, мæ куыстуатмæ кæуылты бацæуон, уый нал фæзонын.

Æвæццæгæн, ацы хъуыддæгтæм лæмбынæгдæр æркæсын хъæуы горæты разамонджыты. Дзурын хорз у, фæлæ сахары уынгты фистæгæй ацу, йæ фалдзустæм ын æркæс – уымæн та, æвæццæгæн, ныфс хъæуы...

ТЕМЫРТЫ Виктор,
Дзæуджыхъæу

Адæмы хъæппæрис æмæ хъæндзинæдтæ

Нæ цард æнцонтæй нæ цæуы, фæлæ быхсон æмæ фæразон стæм. Цæрæм Хуссайраг поселочы, не 'хсæн ис, царды уавæртæ фæхуыздæр кæныныл æппынæдзух чи архайы, ахæмтæ. Мæ зæрды ис, уыдоны тыххæй радзурын.

Не 'нæниздзинадмæ нын æппынæдзух сæ хъус дарынц дохтыр Тамарæ Суджашвили æмæ йе 'ххуысгæнæг Икъаты Додо. Бæрнон сты сæ алы хъуыддаджы дæр. Фæлмæн дзурынц рынчынтæм, Икъаты Додо ма хæдзармæ дæр æнæзивæгæй фæзыны. Хосгæнæгæн йе снысангонд хостæй йæ узæлд ахадгæдæр кæй у, уый хорз æмбарынц.

Нæ дукани «Вкус»-мæ бахизгæйæ, адæймаг бахауы æхсызгондзинады уацары. Лæггадгæнæг фæсивæд æз фæраздæронæй архайынц æрбацæуæг адæмы цур балæууыныл. Уæлдайдæр та ацæргæ чи у, уыдоны цур. Стыр бузныг уын, нæ фæсивæд, амондджын ут, æнæ ранымайгæ сæ нæ фæуыдзынæн: **Дигойты Азæмæт, Хохты Фатимæ, Етдзаты Альбинæ, Гæбæраты Хатунæ, Кадзты Викæ, Æмбалты Дзерассæ, Тотойты Аминæ, Кирилл Критинин, Куыртаты Алик**. Уæ лæггад бирæ!

Хуссайраг поселочы цæрджытæ Гæдзаонты Игорь æмæ Джульеттæ байгом котой хæдзарадон дукани, схуыдтой йæ «Мастер». Кæд æмæ алы сантехникон хицæн ивæн хæйттæм горæтмæ цыдыстæм æлхæнынмæ, уæд ам, дуканийы, нæ бон балхæнын у алцыдæр. Хæрзифтонг æй скодтой йæ арфæйаг хицæуттæ.

Цы зынаргъ адæймæгты кой ракодтон, уыдон махæн сты сæрыстырдзинады хос, сæ цардæй райгонд уæнт! Бæргæ, æдзухдæр ахæм хабæрттыты тыххæй куы фыссид адæймаг, фæлæ афтæ нæ уайы. Æрмæст нæ посты бастдзинад цы ивддзинæдтæ æвзары, уый кæуылты у! Куыд ис æнæ постхæссæгæй кусæн? Афтæ зынаргъæй рафысс газеттæ æмæ сæм дæ бон у – нæу, уæддæр дæхæдæг ныццу æмæ сæ райс.

Уæдæ нæ поселочы афтектæ фароны митау æрбатадысты, ау, уымæн куыд ис гæнæн, æмæ рынчынтæн сæ бон хостæ балхæнын ма уа? Æнæниздзинад хъахъхъæнынады министрады бæрзонд бынæтты бадæг адæм цæуыл хъуыды кæнынц? Ацæргæ адæймаг хъуамæ æнæ хостæй куыд фæцæра? Хуссайраг поселочы транспорты ифтонгад æрмæстдæр схонæн ис æбуалгъ. Кæй куыд фæнды, афтæ скъæры йæ машинæ, цæй график æмæ цæй цыдæр, маршруткæты цыды 'хсæн – дæргъвæтин рæстæг. Шофыр хъуамæ цæуыл тыхса, йæ къæбæрваг акусы æмæ та фæцыдæр вæййы. Адæм та æрлæууæн бынæтты дзой-дзой кæнынц.

Нæ уынгтыл цы куыстытæ цæуынц, уыдонæй дæр сфæлмæцыдыстæм, цъиф ссæндæм, æндæр цы?! Цы хъæндзинæдтæ ранымадтон, уыдон цымæ редакцийы кусджыты йеддæмæ исчи бакæсдзæн?

КЪÆБЫСТЫ Отар,
Хуссайраг поселочы
цæрæг,
фæллойы ветеран

Бæлас талайæ тасы...

Тынг æхсызгонæй кæсын газет «Рæстдзинад» æмæ бузныг зæгъын коллективæн, ахæм зæрдæмæдзæугæ куыст кæй кæныут, уый тыххæй. Алы ныхас, алы хъуыдыйад дæр – бынаты. Æгъдау æмæ хъомылады фарстатæм дæр уæ хъус дарут, æмæ мæн дæр фæнды уый фæдыл мæ хъуыдытæ зæгъын.

Мæнмæ гæсгæ, раздæры азты, бæлвырддæр зæгъгæйæ та – советон дуджы, рæзгæ фæлтæры хъомыладон фарстатæм фылдæр æргом здæхт цыди. Абон куы акæсай, уæд бирæ сабитæ ирондзинадæй иппæрд сты раст ма хъæуты дæр. Æдзух интернеты хызæджы бадынц, сывæллон мæ ма хъыгдара, зæгъгæ сын сæ мадæлтæ телефонтæ сæ къухты ныссадзынц. Æмæ дзы исты пайдайаг хъуыддæгтæм куы кæсиккой, бæргæ, удварны хæзнатæ кæй хонынц, ахæмтæм, фæлæ... Ныййарджыты не 'вдæлы æркæсынмæ дæр, алæ-ма, мæ саби цы мигæнæг у, цы ссардта, афтæ æдзынæг цæмæ нымдзаст, зæгъгæ.

Алцыдæр бинонтæй цæуы, уыимæ – æгъдау дæр. Бæлас та, нæ фыдæлты загъдау, талайæ тасы. Сывæллон хæдзары куы нæ бамбара царды фæтк, хистæр æмæ кæстæры хæстæ, æхсæнады хи куыд дарын хъæуы, цы 'мбæлы æмæ цы не 'мбæлы, уыдæттæ, уæд схъомыл уыдзæн æнæхсæст æмæ æнæфендæй. Йæ туджы йын бауадзын хъæуы хистæрæн æгъдау дæттын, йæ дзырдæн ын аргъ кæнын, фæстæмæ йæм ма дзурын.

Арæх фенæн вæййы, фæсивæд дуармæ фæбадынц, сæ рæзты ацæргæ адæймаг æрцæйцæуы, æмæ йын нæ сыстынц. Йе та хистæр сылгоймаг кæнæ нæлгоймаг фæцæйцæудзæн, æмæ йын æрыгон адæймаг йæ фæндаг акъуыры. Сабитæ уыдæттæ уынынц æмæ сæ фæзмынц.

Ныййарджытæ сæ хæстæ скъолайы бар бакодтой. Скъола, кæй зæгъын æй хъæуы, ахуырадон уагдон у, фæлæ алы саби дæр йе 'гъдау йæ хæдзарæй, йæ бинонты 'хсæнæй рахæссы, уыдоны цæсгом у. Уый хъуамæ æмбарæм æмæ нæ кæстæрты ирон адæймæгтæй хъомыл кæнæм, æндæр сæ «иваны, не помнящие родства»-тæ рауайдзæн.

ХОХОЙТЫ Нателлæ,
Хъарман-Сындзыхъæу,
ахуыргæнæг

Спортивон фидиуæг

Мас-рестлинг

Ерыстæ – адæмон спорты хуызтæй

Дзæуджыхъæуы, Цоколаты Геннадийы номыл уынджы цы Спортивон цæттæгæнæн центр ис, уым 17 мартъийы цыдысты РЦИ-Аланийы фыццаг бынат бацахсыныл ерыстæ адæмон спорты хуызтæ ивазæнтæ (мас-рестлинг) æмæ чъоппæй.

Æдæппæтæй ерысты архайдтой 185 спортсмены. Чъоппæй цы 30 лæппуйы ерыс кодтой, уыдон уыдысты иу къорды, ивазæнтæй та 156 лæппу æмæ чызджы. Сæ кармæ гæсгæ, дихгонд уыдысты фондз къордыл.

Ерыстæ аразæг уыд РЦИ-Аланийы Физкультурон-культурон æхсæнадон æмбырд «Ирон федераци». Йе 'ххуысы хай сæм бахаста нæ республикæйы Физикон культурæ æмæ спорты министрад дæр. Дыууæ хуызæй ерыстæ рауадысты тынг зæрдæмæдзæугæ. Чъоппæй ерысты цы лæппутæ архайдтой, уыдонмæ йæ цæст дардта тренер Туаты Алан æмæ ацы спорты хуызы тыххæй загъта: «Кæддæр мах æрыгонæй ацы спорты хуыз нымадтам хъазтыл æмæ-иу нæхи конд жожкæтæй цингæнгæйæ хъазыдстæм. Уый, æвæдза, пайдайаг хъазт уыди. Адæймагæн йæ физикон цæттæдзинадыл хорзырдæм зынди. Ныры рæстæг фæсивæд, мах цас змæлыдыстæм, афтæ нал змæлынц æмæ, уый се 'нæниздзинадæн пайда нæ хæссы.

Чъоппæй ерысты æппæты фылдæр баллтæ (49) æрæмбырд кодта Тегаты Батрадз æмæ бацахста 1-аг бынат. 2-аг бынатмæ рацыд Артур Маркарян (41), æртыккаг та ссис Цгъойты Æхсарбег (37 баллы).

Тынг цымыдисаг уыдысты мас-рестлингæй (ивазæнтæй) ерыстæ. Ацы спорты хуызæй Ирыстоны фæсивæд кæд æрмæстдæр фæндзæймаг аз архайынц, уæддæр нæм ныридæгæн ис, Уæрæсе æмæ Европæйы чемпионатты чи фестгуыхт, ахæм сæрæн чызджытæ æмæ лæппутæ.

Сæргъæм, ацы ерысты сæйраг тæрхонгæнæг Илонæ Шапка у Уæрæсе æмæ Европæйы чемпионкæ. Уый ныртæккæ зæрдиагæй цæттæ кæны нæ чызджытæ æмæ лæппуты фидæны бæрнон ерыстæм. Уый тыххæй Илонæ зæгъы: «Махмæ ис курдиатджын фæсивæд. Ныридæгæн нæ лæппутæ æмæ чызджытæ цæттæ сты нæ бæстæйы æппæты тыхджындæр спортсментимæ тохы бацæуынмæ. Кæд нын нæхиуыл кусынмæ æмбæлгæ уавæртæ нæй, уæддæр нæ хъомылгæнинæгтæ тырнынц уæлахизтæм. Кæд нын фадат уа, уæд хъуамæ ацæудзыстæм Уæрæсейы сæ уæлахиздзаутæ систы: 40 кг – Давид Сафаев, 50 кг – Гæбуты Вартан, 60 кг – Гуыцмæзты Валери, 70 кг – Годжыцаты Арсен, +70 кг – Тедеты Дзамболат.

14-15-аздзыд чызджытæ ерысты сæ уæзты 1-аг бынæттæ бацахстой: 50 кг – Саламты Алинæ, 60 кг – Сохиты Миланæ, 70 кг – Дзампаты Дианæ, +70 кг – Годжыцаты Каринæ.

Ацы кары лæппутæй 1-аг бынæттæ рамбылдтой: 50 кг – Хестанты Сæрмæт, 70 кг – Дудайты Богдан, 60 кг – Плиты Владимир, 80 кг – Сотаты Цæра, +80 кг – Гапбаты Альберт.

16-17-аздзыд чызджытæ ерыс кодтой дыууæ уæзы, æмæ дзы уæлахиздзаутæ систы: 50 кг – Галазты Русланæ, 60 кг – Гасынты Дианæ.

Лæппутæ цы цыппар уæзы ерыс кодтой, уыдоны 1-аг бынæттæ бацахстой: 60 кг – Мæргъиты Леван, 70 кг – Вартерянц Захар, 80 кг – Æмбалты Георги, +80 кг – Мæргъиты Сæрмæт.

18-21-аздзыд фæсивæды ерыстæ уыдысты ноджы цымыдисагдæр. Ам алы уæзы дæр уыди цалдæргай æмдых лæппутæ, æмæ сæ алы фембæлд дæр цыди хъазуатонæй. Уæлахиздзаутæ систы: 60 кг – Челæхсаты Аслан, 70 кг – Лолаты Алан, 80 кг – Тыбылты Азæмæт, 90 кг – Аулохты Владимир, 105 кг – Зозырты Хазби.

Чызджытæ ацы кары цы 'ртæ уæзы ерыс кодтой, уыдоны 1-аг бынæттæ рамбылдтой: 50 кг – Абойты Аленæ, 60 кг – Хабæты Камиллæ, 70 кг – Зозырты Илонæ.

Абойты Аленæ æмæ Зозырты Илонæ ма уæлахиздзаутæ систы: 50 кг – Галазты Русланæ, 60 кг – Гасынты Дианæ.

Лæппутæ цы цыппар уæзы ерыс кодтой, уыдоны 1-аг бынæттæ бацахстой: 60 кг – Мæргъиты Леван, 70 кг – Вартерянц Захар, 80 кг – Æмбалты Георги, +80 кг – Мæргъиты Сæрмæт.

18-21-аздзыд фæсивæды ерыстæ уыдысты ноджы цымыдисагдæр. Ам алы уæзы дæр уыди цалдæргай æмдых лæппутæ, æмæ сæ алы фембæлд дæр цыди хъазуатонæй. Уæлахиздзаутæ систы: 60 кг – Челæхсаты Аслан, 70 кг – Лолаты Алан, 80 кг – Тыбылты Азæмæт, 90 кг – Аулохты Владимир, 105 кг – Зозырты Хазби.

Чызджытæ ацы кары цы 'ртæ уæзы ерыс кодтой, уыдоны 1-аг бынæттæ рамбылдтой: 50 кг – Абойты Аленæ, 60 кг – Хабæты Камиллæ, 70 кг – Зозырты Илонæ.

Абойты Аленæ æмæ Зозырты Илонæ ма уæлахиздзаутæ систы: 40 кг – Давид Сафаев, 50 кг – Гæбуты Вартан, 60 кг – Гуыцмæзты Валери, 70 кг – Годжыцаты Арсен, +70 кг – Тедеты Дзамболат.

14-15-аздзыд чызджытæ ерысты сæ уæзты 1-аг бынæттæ бацахстой: 50 кг – Саламты Алинæ, 60 кг – Сохиты Миланæ, 70 кг – Дзампаты Дианæ, +70 кг – Годжыцаты Каринæ.

Ацы кары лæппутæй 1-аг бынæттæ рамбылдтой: 50 кг – Хестанты Сæрмæт, 70 кг – Дудайты Богдан, 60 кг – Плиты Владимир, 80 кг – Сотаты Цæра, +80 кг – Гапбаты Альберт.

16-17-аздзыд чызджытæ ерыс кодтой дыууæ уæзы, æмæ дзы уæлахиздзаутæ систы: 50 кг – Галазты Русланæ, 60 кг – Гасынты Дианæ.

Лæппутæ цы цыппар уæзы ерыс кодтой, уыдоны 1-аг бынæттæ бацахстой: 60 кг – Мæргъиты Леван, 70 кг – Вартерянц Захар, 80 кг – Æмбалты Георги, +80 кг – Мæргъиты Сæрмæт.

18-21-аздзыд фæсивæды ерыстæ уыдысты ноджы цымыдисагдæр. Ам алы уæзы дæр уыди цалдæргай æмдых лæппутæ, æмæ сæ алы фембæлд дæр цыди хъазуатонæй. Уæлахиздзаутæ систы: 60 кг – Челæхсаты Аслан, 70 кг – Лолаты Алан, 80 кг – Тыбылты Азæмæт, 90 кг – Аулохты Владимир, 105 кг – Зозырты Хазби.

Уæлахиздзаутæ æмæ призон бынæттæ бацахсджытæ хорзæхджынгонд æрцыдысты майдантæ, грамотæтæ æмæ дипломтæй. Хæрзиуджытæ сын радтой: РЦИ-Аланийы Физкультурон-спортивон æхсæнадон æмбырд «Ирон федераци»-йы æвзæрст лæг Милдзыхты Таймураз, ацы æмбырды минæвар Цгъойты Тамерлан, ерысты сæйраг тæрхонгæнæг Илонæ Шапка.

БАСКАТЫ Уырызмæг

Цардæй ист ныв

Фæлывд

Уыцы куыстуат, Беслæны «Зæготзерно», рагæй нал ис. Йæ рæстæджы дзы бирæ пайда бацыди, чи дзы куыста, уыдоны дзыппытæм, уæлдайдæр – скълады хицæуттæм. Иу ахæм хицау, Хъазыбег йæ ном, бавдæлыдис æмæ-иу шофырæн бамбарын кодта, иу машинæ та æрбауæй хъæудзæн, зæгъгæ. Йæхæдæг ма-иу иннæ «завскъладтæн» бакодта: «Лæппутæ! Тамакойы фаг дæр мæ дзыппы ницыуал ис, сымах дæр цæрын хъæуы, иу машинæ ма исты хуызы сарæхсæм!»

Хъæуы, уæд хъæуы! Машинæ-иу куыддæр кæртæй федтæ, афтæ-иу Хъазыбег бакодта: «Мæ зæрдæ йæм æхсайы, цæуон, йæ фæдыл акæсон». Иу 15-20 минуты фæстæ-иу фæдисгæнгæ æрбатахт: «Бабын стæм, бабын стæм! ОБХСС нæ æрцахста. Сæфæм, райсом скълæдтæ куы æрæхгæной, уæд нæ писмотæ салдæй Сыбырæй цæудзысты. Æз уал ауайон, цас бацагурдзысты, уый базонон». Уæдмæ-иу йæ шофыры рацагуырдта, йæ хай йын-иу фæсагъта йæ къухы, мæнæ дын дзыхылхæцæггаг, зæгъгæ, æмæ ма-иу афтæ машинæ милицæмæ 'ввахс иу сахат алæууын кодтаид. Йæхæдæг-иу æртахти: «Лæппутæ, дæс æмæ дæс агурынц, дыууæйæ сты. Цыппар стæм, æмæ фæйнæ фондзы тагъддæр. Сахатмæ сын сæмгъуыд кодтон, уый фæстæ та сæ сæхгæндзыстæм!»

Зын-иу уыди, уæдæ цы, цæттæ æхца рæбынæй зын дæттæн вæййы. Фæлæ-иу цæвиттон хъуыддаг сæхгæдтой. Иу сахаты фæстæ-иу фæзынди æмæ-иу нырдиаг кодта, тыххæй сæ сразы кодтон, мах дæр, дам, куыст æвдисын хъæуы, зæгъгæ, дам, мын-иу нал разы кодтой. «Гъеныр сыдæй дæр мæлын, кæд ма искæмæ иу сом исты аззади, уæд ма «закъускæ» æрбаскъæфæд. Уæртæ мæ сейфы дыууæ авджы, æмæ нæ тарст ссæуын кæнæм. Уыдонæн та Хуыцау тæрхонгæнæг фæуæд. Ахæмтæ сæ мадыл дæр нæ бацауæрддзысты». «Уæллæй, Хъазыбег, аирвæзын та нæ кодтай!» Иннæ загъта: «Мæнæ ам цы сау гæдытæ расурбасур кæнынц мыстытæ æмæ бæлæтты, уыдон дын дæ шофыры фæндаг алыг кæнынц». «Мæгуыр йæ бон шофырæн, нырма йыл цыдæр актгæ кæнынц, дзæбæхæй нын куы рацæуид. Гъа, уæдæ хорз æмгары цæрæнбон бирæ уæд, кæрæдзийы зæрдæхудтыиу куыд никуы цæуæм, æнæгадзрахат куыд уæм», – уым-иу Хъазыбег цармæ, Хуыцаумæ скæсæгау, хъæрдæрæй скуывта.

ТЕТАТЫ Эльврик

Ærдз

Цы къалиуыл бадыс, уый ма лыг кæн...

Фæткъуыйы дыргъдæттæ фæзындысты фондз мин азы размæ. Семирамидæйы зындгонд ауындзгæ дыргъдæттæ Рагон Вавилоны сты дунейы авд диссагæй дыккаг диссаг. Фæткъуы афтæ кадджын цæмæн у адæмы 'хсæн? Уымæн æмæ дзы бирæ ис адæймагæн хъæугæ витаминтæ æмæ буаргъæдтæ.

Фæткъуыйы куыст тынгдæр кæныны райдыдтой Советон Цæдисы рæстæджы. Сæдæгай наукон-иртасæн институтты фæлварæн станцæтæ, селекцион центртæ куыстой ацы дыргъы миниуджытæ фæхуыздæр кæныныл, цæмæй хуыздæр хъахъхъæд цæуа алыхуызон знаггадгæнджытæй. Сæдæгай ахуыргæндтæ сæ цард снывонд кодтой ацы хъуыддагæн. Уыдон архайдтой, цæмæй бæрзонд тыллæг исой, дыргъдæтты химион хъацæнтæй къаддæр пайдагæнгæйæ. Уый хорз ахъаз уыдис, мыдыбындзытæ чи дардта, уыдонæн дæр æмæ сæхицæн дæр, уымæн æмæ бæлæсты диденджыты рыгдзыд мыдыбындзытæ кæнынц. Хъыгагæн, уыдæттæ ивгъуыд рæстæджы уыдысты.

Бынæттон амалгæнджыты архайдæй, цалдæр азы размæ Ærхонкæйы станицæйæ Фарныхъæуы астæу фæзындысты дыргъдæттæ. Райдайæны бынæттон цæрджытæ цин кодтой, ног кусæн бынæттæ сын кæй фæзынд, уыл. Фæлæ сæ цин бирæ нæ ахаста. Фыццаг фæдис систой мыддартæ. Мыдыбындз дидинæджы сагъæ æмбырд кæныны тыххæй атæхы цалдæр километры, æмæ, маргджын химикаттæй куы фæхъæстæ вæййынц, уæд мингæйттæй амæлынц.

Нæ республикæйы цæрджытæн хæрзхъæд мыд чи лæвæрдта, уыцы бирæ фæлтæрдджын мыддартæ æндæр бынæттæ агурынмæ фесты. Уый та æркодта уымæ, æмæ дыргъдæттæ мыдыбындзытæ рыгдзыд нал кæнынц. Бæлæстæ уæгъд дидинæг калынц, æмæ сæ тыллæг дæр уадиссаг нæ вæййы.

Уыцы дыргъдæтты раздæры кусджытæ куыд зæгъынц, афтæмæй бæлæстæ вегетацион рæстæджы фæндзай хаттæй фылдæр бапырх кæнынц маргджын химикаттæй. Ирыстон та географион æгъдауæй афтæ æвæрд у, æмæ сæ Кавказы хæхтæ нæ уадзынц дымгæтæн ахæссын æмæ республикæйы зæххыл æрбадынц.

Уæрæсейы Æнæниздзинад хъахъхъæнынады министрады бæрæггæнæнтæм гæсгæ, Хуссар Федералон зылды Ирыстон ис, онкологон низтæй фылдæр кæм рынчын кæнынц, уыдонимæ. Æз сидын уыцы дыргъдæтты разамонджытæм: «Кусын хъæуы, бинонты дарын, фæлæ, цы къалиуыл бадыс, уый ма лыг кæн. Тæссаг у уæ хиуæттæн, къабæзтæн, хæлæрттæн... Хуыцау та адæймагæн цард цæрынæн радта...»

ХÆМЫЦАТЫ Тигран, профессион дыргъуыстгæнæг

Рагон къамтæ дзурынц

...Æмæ уыцы æвзонг лæппуйæн йæ нæуæдз азы йæхи фесты

Ацы къамыл дзæвгар азтæ цæуы, систой йæ 1959 азы сæрдыгон бонтæй иуы. Раззаг рæнхъы, галиуырдыгæй ранымайгæйæ, цыппæрæм бады Темыраты Мæрзахъуылы фырт Андрей – Чермены дыргътæ æмæ халсарты совхозы дыккагæм хайады сæргълæууæг. Йæ алфамбылай-хайады кусджытæ. Хæххон хъæуон хæдзарады институты агрономон факультеты рауагъдоныл уæд цыди 29 азы.

Цыбыр рæстæджы фæстæ Андрейы сæвæрдтой совхозы директорæй. Хæдзарады æрвылаз тыллæг уымæй размæ дыууæ мин тоннæмæ дæр нæ хæццæ кодта. Цалдæр азы фæстæ та уыцы нымæц схæццæ 17-18 мин тоннæмæ. Нæ республикæйы цæрджытæ фынддæс азы бæрц хъуаг не 'йфæфтой нæдæр дыргъæй, нæдæр халсартæй, уымæй дæр ма уыдысты аслам æмæ хæрзхъæд.

Уыцы æнтысты тыххæй Андрейæн саккаг кодтой Ленины орден, совхозæн та радтой ном «Уæрæсе». Ныхас цыди йæ разамонæгæн Социалистон Фæллойы Хъæбатыры ном раттыны тыххæй дæр, фæлæ йæ бахъыгдардтой æнæнхъæлæджы цæлхдуртæ.

Рæстæг рацыди, æмæ æрыгон специалист æрлæууыд нæ республикæйы консервты иугонды сæргъы. Куыстат уыди тынг æгуыдзæг уавæры, алы бæрæггæнæнтæй дæр фæстæзад. Уым дæр Темырайы-фырт йæхи равдыста дæсны разамонæгæй, иугонд цыбыр рæстæгмæ рацыди раззаг куыстуæтты рæнхъытæм.

Æппæт уыдæттæ хынцгæйæ, Уæрæсейы Хойраджы промышленносты министрады æрцыдысты ахæм фæндонмæ – Андрейы, Азовы йæ арæзтад кæронмæ кæмæн фæцæйхæццæ кодта, сабиты хойраджы уыцы егъау æппæтцæдисон комбинаты разамонæгæй сæвæрын. Фæлæ нæ республикæйы хицауады нæ бафæндыд йæ хуыздæр разамонджытæй иуы искæдæм ауадзын. Стæй йæ мад дæр фæрынчын, æмæ Андрей баззад Ирыстоны.

Уый фæстæ ма уыдис, йæхи хъæппæрисæй чи сырæзыд, уыцы совхоз «Восход» дæр. Уыдис дзы дзæвгар кусæн бынæттæ. Алы аз дæр дзы истой халсарты хъæздыг тыллæг.

60 азы бæрц фæкуыста Темыраты Андрей хъæууон хæдзарады къабазы, бирæ фæллойадон æнтыстытæ бафтыд йæ къухы, уыдоны тыххæй æвзист æмæ бронзæ майдантæй, хæссы Уæрæсейы Федераци æмæ Цæгат Ирыстоны хъæууон хæдзарады сгуыхт кусджыты нæмттæ.

Астæу цæуынц, рæстæг йæ куыст кæны. Андрей абон кæд йæ фæллад уадзы, бынæтты нал кусы, уæддæр æнцад бадын йæ бон нæу. Ис æм гыццыл æххуысадон хæдзарад, дары дзы стурвос.

Гъемæ нæ фæнды, цæмæй йын йæ бæрæгбоны хуыздæр чи рааргæ кæна, уыдонимæ куыд уæм мах дæр – йæ хорз кæстæртæ, хæлæрттæ, зонгæтæ. Бирæ азты ма нын дзæбæхæй цæр, Андрей. Дæ кæстæрты хуртæй дæ зæрдæ рухс уæд кæддæриддæр!

ХÆМЫЦАТЫ Морис

Ахудынæн

Тынг дзы æппæлыдысты...

Нæ алфамбылай куы акæсæм, уæд фæсивæды ахсджиаг хай бинонтæ саразынмæ æппындæр нæ тагъд кæнынц. Чызджытæ зæронд кæнынц, æмæ уыдонæн, чи зоны, сæхи аххос нæу – ничи сæ куры, фæлæ лæппутæ та?! Бирæтæн дзы сæ фæсонæрхæджы дæр нæй хæдзармæ сылгоймаг æрбахонын, уымæн æмæ уый бæрнондзинад у. Æмкъайæн хæринаг, даринаг æмæ ма бирæ æндæр цыдæр лыстæг митæ æлхæнын хъæуы, хъазты куы бацæуай, уæд дзы симын хъæуы, æмæ сæм уымæн æппындæр ныфс нæй.

Сæудженыл дæр, цалынмæ «урс дадалитæ» рацыд, уæдмæ йæ куыд фæндыд, афтæ фæцард йæ уды дзæбæхæн, стæй дын æм иу бон куы бахъарид, æгъгъæд, дам, у, кæрон скæнын хъæуы уыцы хъæллауæн. Цалынмæ ма райвæзбайвæз кодта, уæдмæ йæ æхсай азы сæрты акаст, æмæ мын дон чи 'бадæтта мæ рынчыны рæстæг, ахæм бындарыл ма уæддæр фæхæст уон, зæгъгæ, ус курыныл ныллæууыд. Æмæ йæ фæндон царды дæр ауагъта – йæ уаты къуымы æрлæууыд «фæлтæрдджын» сылгоймаг, хæтæнтæй фæлладæй чи æрыздæхт, ахæм. Чындзæхсæвы бонæй къуыри рацыдаид, афтæ иу райсом лæгтæ тигъыл бакъорд сты, æмæ ногусджын дæр сæ размæ ныццыд. Сыхæгтæ йæ алырдыгæй фæрсынц:

– Цæй, Сæуджен, куыд у дæ ног ус, истæмæй дзы хъæстаг дæ?

Сæуджен дзуаппыл бирæ нæ фæхъуыды кодта:

– Æмæ мæ цы фæрсут, сымах мын дзы куы 'ппæлыдыстут...

ГАПБАТЫ Алетæ

Пошив матрацев и одеял, есть в наличии и на заказ; стирка и ческа шерсти. Тел.: 8-989-037-18-04.

Номыры радхæссæг редактор — **Гасанты Валери.**
Рауагъды редактор — **Баскаты Эльзæ**.
Дизайн: 1-аг фарсæн — **Рубайты Нелли**;
2-аг æмæ 3-аг фæрстæн — **Халиты Изæ**;
4-æм фарсæн — **Гуыцмæзты Зæринæ**.
Корректортæ: 1-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ**;
2-аг фарсæн — **Рæмонты Алинæ**;
3-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ**;
4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ**.

"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты

Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникацийы комитет.

Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникацийы къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)

Сæйраг редактор ФИДАРАТЫ Юрий

Сæйраг редакторы исæн уат – 25-96-27.

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ – 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ – 25-93-68.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан – 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз – 25-93-74, Абайты Эдуард – 25-99-33**. Рауагъды редактортæ: **Баскаты Эльзæ, Гæззаты Фатимæ – 25-91-89**. Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ – 25-94-19**. Сæрмагонд уацхæссæг: **Гасанты Валери – 25-91-92**. Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Баскаты Уырызмæг – 25-96-31, Гугкаты Жаннæ – 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ – 25-94-57, Хъойбайты Галинæ – 25-90-54, Мамиаты Лолитæ, Цæгæраты Эльмирæ – 25-96-16, Хæмыцаты Морис – 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ 25-96-31**. Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ – 25-90-54**. Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ – 25-67-03**. Корректортæ – **25-93-36**, компьютерон цех – **25-93-97**.

➢ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
➢ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
➢ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
➢ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11. Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы. Газет цæуы къуыри фонды хатты. Индекс 53901. Тираж 3242. Заказ № 278. Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа – 18.00. Мыхуырмæ фыст æрцыд – 18.00.

Email: rastdzinad@mail.ru
Сайт: www.rastdzinad.ru